# Qaraqalpaqstan Respublikasında irrigaciya tarawın rawajlandırıw joybarı ámelge asırıladı

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Taqıyatas, Xojeli, Shomanay, Qanlıkól, Qońırat, Moynaq, Kegeyli, Shımbay Qaraózek hám Bozataw rayonların suw menen támiyinlewshi Súwenli, Parallel hám Kegeyli kanallarında rekonstrukciya jumısları alıp barıladı.

Image not found or type unknown

Usı múnásibet penen kórgizbeli seminar bolıp ótti. Oǵan Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Baslıǵı M.Kamalov, Ministrler Keńesi Baslıǵı Q.Sariev, Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı D.Kaypov hám taraw xızmetkerleri qatnastı.

Image not found or type unknown

Kanallardıń paydalı jumıs koefficientin arttırıw, xalıqtıń úy aldı qıytaq hám awıl xojalıǵı jerlerin suw menen támiyinlew maqsetinde irrigaciya tarawında 180 mln. dollar muǵdarındaǵı joybar ámelge asırıladı.

Image not found or type unknown

Atap aytqanda Súwenli kanalında 96,6 km, Parallel kanalında 36 km hám Kegeyli kanalında 36 km uzınlıqta beton qaplama jatqızıw jumısları ámelge asırıladı.
Nátiyjede Súwenli, Parallel kanallarınıń ortasha paydalı jumıs koefficienti 0,67 den 0,95 ge, Kegeyli kanalında 0,67 den 0,85 ge ge artıp, 51 mıń 315 gektar jer maydanları turaqlı suw menen támiyinlenedi.